

## Avi sou Pratik Konfidansyalite



## Enfòmasyon w. Dwa w. Responsablite nou.

Avi sa esplike jan enfòmasyon medikal ou yo kapab itilize ak pibliye epitou kòman ou ka jwenn aksè a enfòmasyon sa yo. **Tanpri revize l avèk anpil atansyon.**

### Dwa w yo

**Depi se zafè enfòmasyon sante w, ou genyen sèten dwa.** Seksyon sa a eksplike dwa w ak kèk responsablite ke nou genyen pou ede w.

**Ou ka jwenn kopi dosye medikal ou yo sou fòm elektwonik oswa sou papye**

- Ou kapab mande pou w wè oswa pou jwenn yon kopi dosye medical ou yo sou fòm elektwonik oswa sou papye ak lòt enfòmasyon medikal nou genyen pou ou. Mande nou ki jan ou kapab fè sa.
- Nap bay ou yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon medikal ou yo, abityèlman nan 30 jou aprè ou fin fè demann lan. Nou kapab chaje w yon pri ki rezonab.

**Mande nou pou korije dosye medikal ou**

- Ou kapab mande nou pou korije enfòmasyon medikal ou ke w panse ki pa kòrèk oswa ki pa konplè.
- Nou kapab di w “non” a demann ou fè a, men nou va di w a lekri pou kisa nan 60 jou.

**Demann pou kominikasyon konfidansyèl**

- Ou kapab mande nou pou kontakte w nan yon fason espesifik (pa egzanp, nan telefòn lakay oswa biwo w) oswa pou nou voye kourye yo nan yon adrès diferan.
- Nou va reponn “wi” a tout demann ki rezonab.

*Kontinye ak paj ki apre*

### **Mande nou pou limite sa nou itilize oswa sa nou pataje**

- Ou ka mande nou pou nou pa itilize oswa pataje kèk enfòmasyon sou tretman, peman, oswa metòd fonksyonman nou yo.
- Nou pa oblije dakò ak demann ou a, epi nou kapab di w “non” si lap afekte swen wap resevwa a.
- Si ou peye pou yon sèvis oswa yon bagay swen sante avèk lajan nan pòch ou antyèman, ou kapab mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon peman sa a oswa metòd fonksyonman nou avèk konpayi asirans ou a.
- Nou va di ou “wi” sof si lalwa ekzije nou pou nou pataje enfòmasyon an.

### **Ou ka jwenn yon lis ki genyen non moun ke nou pataje enfòmasyon w yo**

- Ou kapab mande pou yon lis (ki konte) lè nou pataje enfòmasyon sou sante w yo pou sis ane ki pase yo kòmanse nan dat ou te fè demann lan, lis sa ap montre avèk ki moun ke nou te pataje enfòmasyon sa yo ak pou kisa.
- Nou ap bay tout enfòmasyon eksèpte sa yo ki montre tretman, peman, ak fonksyonman sanitè, ak kèk lòt enfòmasyon (tankou nenpòt sa ou mande nou pou nou fè). Nap ba ou yon bilan gratis, men nou ap fè w peye yon pri rezonab, si w mande pou yon lòt kopi nan menm ane a, oswa nan 12 mwa.

### **Resevwa yon kopi avi konfidansyalite sa a**

- Ou kapab mande nou pou yon kopi avi konfidansyalite sa sou papyè nenpòt ki lè, menm si ou te gentan dakò pou w te resevwa l sou fòm elektwonik.

### **Chwazi yon moun pou pran desizyon pou ou**

- Si ou te mandate yon moun pou pran desizyon medikal pou ou oswa si yon moun se gadyen legal ou, moun sa kapab egzèsè dwa ou epi li ka fè chwa sou enfòmasyon medikal ou.
- Nou ap asire ke moun sa genyen otorizasyon legal, epi li ka pran desizyon pou ou, avan nou fè nenpòt bagay.

### **Depoze yon plent si ou ta panse ke nou vyole dwa w**

- Ou kapab pote plent si ou santi ke nou vyole dwa w. Kontakte nou nan [privacy.officer@ocfl.net](mailto:privacy.officer@ocfl.net) oswa rele nou sou 407-836-9214, epi mande pou ou pale avèk ofisyè konfidansyalite a.
- Ou kapab deposite yon plent bay U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights, ekri yo nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, oswa vizite [www.hhs.gov/ocr/privacy/hippa/complaints/](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hippa/complaints/).
- Nou pa pral fè vanjans kont ou paske ou pote yon plent kont nou.

## Chwa w yo

**Pou kèk enfòmasyon sou zafè sante, ou kapab di nou chwa w sou sa ke nou pataje.** Si ou genyen yon preferans ki klè sou jan ke ou ta vle pou nou pataje enfòmasyon w yo nan sitiyasyon nou esplike anba a, di nou sa. Fè nou konnen, sa ou vle pou nou fè epi nap swiv sa w di a.

**Nan ka sa yo, ou genyen tout dwa ak chwa pou di nou:**

- Pataje enfòmasyon avèk fanmi ou, zanmi ki pwòch ou, oswa lòt moun ki enplike nan zafè sante ou.
- Pataje enfòmasyon w nan yon sitiyasyon sekou pou dezaz.
- Ajoute enfòmasyon ou nan anyè yon lopital.

*Si ou pa kapab di nou sa w prefere, tankou, si w vin pèdi konesans, nou kapab pataje enfòmasyon w si nou kwè ke se sa kap pi bon pou ou. Nou kapab pataje enfòmasyon w pou diminye yon menas serye epi ki grav pou sante w oswa sekirite w.*

**Me nan ki ka nou pap janm pataje enfòmasyon w:**

- Pou fè reklam
- Pou vann enfòmasyon w

**Avèk pèmisyon alekri w, nou kapab pataje enfòmasyon sa yo:**

- Detay Sikoterapi ak/oswa nòt jesyon dosye ou

## Itilizasyon ak Pataj nou yo

**Ki jan nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sante w yo?** Nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sante w yo nan fason sa yo:

<b>Trete w</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nou kapab itilize enfòmasyon sou sante w yo epi pataje yo ak lòt pwofesyonèl kap pran swen w.</li></ul>	<b>Pa egzanp:</b> Yon doktè ki ap trete w pou yon aksidan, ka mande yon lòt doktè pou enfòmasyon sou sante w.
<b>Fonksyon òganizasyon nou an</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sante w yo pou òganizasyon nou an kapab fonksyone pi byen, amelyore swen w, ak kontakte w lè li nesèsè.</li></ul>	<b>Pa egzanp:</b> Nou itilize enfòmasyon sante w yo pou nou kapab pi byen jere tretman ak sèvis nou bay ou yo.
<b>Bòdwo pou sèvis ou resevwa yo</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nou kapab itilize ak pataje enfòmasyon sante w yo pou nou voye bòdwo ba ou ak resevwa peman nan men asirans sante oswa lòt antite.</li></ul>	<b>Pa egzanp:</b> Nou pataje enfòmasyon w yo avèk asirans sante ou pou yo kapab peye pou sèvis nou bay ou yo.

*Kontinye ak pwochen paj la*

**Ki lòt fason nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sante w yo ?** Nou gen dwa, oswa nou oblije pataje enfòmasyon w yo nan lòt fason- Pi souvan nan fason ki kontribye a byennèt piblik la, tankou sante piblik avèk rechèch. Fòk nou satisfè tout kondisyon lalwa yo anvan nou ka pataje enfòmasyon w yo pou rezon sa yo. Pou plis enfòmasyon vizite: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/index.html>

<b>Pou ede sante piblik ak pwoblèm sou sekirite</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w yo pou sèten sitiyasyon, tankou:<ul style="list-style-type: none"><li>• Anpeche maladi</li><li>• Ede avèk move pwodwi ki sou mache a</li><li>• Rapòte reyaksyon endezirab a medikaman</li><li>• Rapòte abi sispisyè, neglijan, oswa vyolans domestik</li><li>• Pou anpeche oswa diminye yon menas grav sou sante oswa sekirite moun</li></ul></li></ul>
<b>Pou fè rechèch</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nou kapab sèvi oswa pataje enfòmasyon w yo pou fè rechèch sou lasante.</li></ul>
<b>Pou konfòme avèk lalwa</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nou va pataje enfòmasyon w yo si lwa leta oswa lwa federal oblije sa, enkli si Depatman Sante ak sevis Imèn bezwen wè si nou konfòme avèk lwa sou konfidansyalite federal.</li></ul>
<b>Pou reponn a demann pou bay ògan ak tisi</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nou kapab pataje enfòmasyon sante w yo avèk òganizasyon akizisyon ògan.</li></ul>
<b>Pou travay avèk yon egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nou kapab pataje enfòmasyon sante w yo avèk doktè lejis, egzaminatè medikal, oswa direktè ponp finèb</li></ul>
<b>Pou adrese demann konpansasyon travayè, lapolis, ak lòt gouvènman</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sante w yo:<ul style="list-style-type: none"><li>• Pou reklamasyon konpansasyon travayè</li><li>• Pou rezon lapolis oswa avèk yon ofisyèl lapolis.</li><li>• Avèk Ajans sipèvizyon sante pou aktivite ke lalwa otorize</li><li>• Pou fonksyon gouvènman tankou militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl,</li></ul></li></ul>
<b>Pou reponn a pwosè ak aksyon legal</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nou kapab pataje enfòmasyon sante w yo pou reponn a yon òdonans tribinal oswa administratif, oswa pou reponn a yon manda.</li></ul>

**Note: Nenpòt enfòmasyon sou santew ki pataje pou rechèch ap premyèman klase nan yon fason pou yo pa ka idantifye w pou ke pa gen enfòmasyon pèsònèl ou ki pataje, sèlman si ou bay nou pèmisyon alekri.**

## Responsabilite nou yo

- Lalwa oblije nou, pou nou kenbe an konfidansyalite ak an sekirite enfòmasyon sante ou yo
- Nou ap fè ou konnen rapidman si ta genyen vyolasyon nan enfòmasyon konfidansyèl oswa sekirite w yo.
- Fòk nou swiv tout devwa ak pratik konfidansyalite yo ki dekri nan avi sa epi bay ou yon kopi.
- Nou pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon w yo apa de jan li dekri la sof si ou ban nou yon otorizasyon alekri. Si ou ban nou pèmision, ou ka chanje lide w nenpòt lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide w.

Pou plis enfòmasyon vizite: [www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html).

### Chanjman sou kondisyon ki nan avi sa a

Nou ka chanje kondisyon ki nan avi sa, epi chanjman yo va aplike a tout enfòmasyon nou genyen de ou yo. Nouvo avi ap disponib sou demann nan ofis nou ak sou sit entènèt nou an.

**Dat efektiv: 1 Jen 2019**

### Avi sou Pratik Konfidansyalite a aplikab a òganizasyon sa yo.

#### Citizen Resource & Outreach Division

Corrections

Corrections Health

Emergency Medical Services (EMS)

Fire Rescue

Head Start

Human Resources (HR)

Medical Clinic

Medical Examiner

Mental Health & Homelessness

Office of Disability Assistance

Ryan White Title I Program Office

Youth & Family Services

---

*Si ou genyen kesyon sou enfòmasyon Sante ke nap pwoteje pou ou yo, kontakte Ofisye Konfidansyalite HIPPA a.*

*Imèl: [privacy.officer@ocfl.net](mailto:privacy.officer@ocfl.net)*

*Telefòn: 407-836-9214*